Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 16 (7417)
30 Апрель 2020 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Обращение главы района И. Нурмагомедова



Уважаемые жители Унцукульского района!

В этот сложный период не просто каждому из нас, так как обостряется ситуация с коронавирусной инфекцией, увеличивается число заболевших в стране, также в нашем районе, существует риск заражения вирусом.

Наше граждане всегда относились с пониманием ко всему происходящему в стране, защищали ее от внешних и внутренних врагов, трудились на благо своих соотечественников. А теперь наша главная задача беречь себя и своих близких.

Прошу вас сохранить свое здоровье, соблюдать все меры предосторожности, быть бдительными и сплоченными, надеяться на лучшее, в случае выявления симптомов немедленно обращаться к врачам. Они рядом с нами, думают о нас, работают днем и ночью, не зная отдыха и сна, чтобы помочь сохранить здоровье каждому из нас.

Благодарен вам за ваше понимание, сплоченность и соблюдение правил предосторожности против коронавирусной инфекции, по мере возможности реже выходите на улицу. Только вместе мы сможем преодолеть проблему коронавирусной инфекции.

Желаем всем терпения, здоровья, благополучия вам, вашим семьям и близким.

## Баракатаб моцIгун!

**ХIурматиял Унсоколо районалъул жамагIат!**

Районалъул администрациялъул, депутатазул Собраниялъул жамгIияб палатаялъул ва дирго рахъалдасан къабул гьабе кIал кквеялъул баракатаб Рамазан моцI тIаде щвеялде бан гьабулеб ракI – ракIалъулаб барки!

Исламалда жаниб бищунго хирияб ва кIвар бугеб моцI ккола гьеб. Гьаб моцIалъ бусурбабаз гьарула лъикIалщинал гIамалал, рала фаризаял ва суннатал какал, гьарула рес къотIаразе садакъаби, цIунула хIеренлъи ва хIалимлъи. Гьеб ккола нилъеца риччарал мунагьал чуриялъе Аллагьас кьураб кIудияб рес, гьелъ бачIуна ракIазе хIалхьи, гвангъараб рохел, цолъиялъул ва цоцазе гIагарлъиялъул асар. РакI – ракIалъ божарав вуго щивав бусурманчиясухъ бажарилин жидеего кьураб гьеб ресалдаса унго – унголъунги пайда босизе. Биччанте нужее гьеб букIине мунагьаздаса цIунулеблъун, щибаб рокъобе баракат, талихI – рохел, битIккей бачIунеблъун. Биччанте Рамазаналъ нилъер ракIазулъ иман щула гьабизе, нилъ лъикIал ишал гьаризе ахIизе, район, республика, улка щула гьабиялъе хIалтIизе, рекъел ва сахаб гIумро букIинабизе тавфикъ кьеги нужее.

Киналго районалъул гIадамазе гьарула щулияб сахлъи, сабру, талихI, лъикIал къасдал.

**ГI. НурмухIамадов – «Унсоколо район» МОялъул бетIер.**

# Баркула юбилей

«Унсоколо район» МОялъул, районалъул депутатазул Собраниялъул, жамгIияб палатаялъул ва дирго рахъалдасан ракI – ракIалъ баркула Дагъистаналъул жанисел ишазул органазул хIалтIухъабазда гьезул махщалил праздник. Нусго сон тIубана Дагъистаналда гьеб гIуцIаралдаса. Гьеб къоялда нилъеца кIодо гьабула бихьинчиял ва къвакIарал гIадамазул праздник. Нужехъе кьун буго гIадамазул гIумро, гьезул хIалхьи ва пачалихъалъул интересал цIунизе. Бищун захIматал минутазда кумек ва цIуни гьарун нужехъе рачIуна гIадамал. Дагьаб къуват ва заман кьоларо нужеца закон ва ихтиярал хвезарурал ишазулъ ритIухълъи букIинабиялъе.

Жакъа хасаб къагIидаялъ баркала загьир гьабизе бокьун буго жидер хIалтIул хIалбихьи органазул кьеразулъ ругел куцаялъе кьолел ветераназе.

Гьарула щулияб сахлъи, букIинеселде гьира, метерисеб къоялде божилъи! Сабру, битIккей ва талихI, нужее ва нужер хъизаназе.

**ГI. НурмухIамадов – «Унсоколо район» МОялъул бетIер.**

Оперативияб штабалъул данделъи

# КIвар кьеялда гъоркь



Гьал къоязда букIараб районалъул оперативияб штабалда цIидасанги гъоркьоб лъуна районалда бугеб эпидемологияб хIал. Гьениб бицана коронавирусалде данде къеркьолаго гьаризе бегьулел къагIидабазул, районалъул больницаялъе кумек гьабиялъул, гьенир дараби чIезариялъул, къавудаялде данде чIолел ратIлил, маскабазул, хIажалъани хIалтIизабизе транспорталъул.

Больницаялъул бетIерай врач ГI. МухIамадовалъул рагIабазда рекъон жеги районалда хIалуцараб хIал хутIулеб буго. Совещаниялда тIадчIей гьабуна карантиналъул режим цIуниялда. Росабазул бутIруздасан тIалаб гьабуна гьенир къойилго хал гьариял тIоритIун, унтарал загьир гьаризе ва коронавирусалда хурхун гьабураб хIалтIул хIисаб кьезе.

БетIерас гьаб захIматаб заманалда районалъе гьабураб кумекалъухъ баркала загьир гьабуна РДялъул сахлъи цIуниялъул министр Д. ХIажиибрагьимовасе, спорталъул министр М. МухIамадовасе, РДялъул БетIерасул Администрациялъул Аппараталъул нухмалъулев В. Ивановасе, М. Гиндиевасе, М. Кихасуровасе.

# Больницабазда – дандчIвай



27 апрелалда бетIер ГI. НурмухIамадов РДялъул ОМВДялъул Унсоколо районалда вугев начальник С. ХIажиевгун цадахъ щвана Унсоколо росулъ ва Шамильхъалаялда ругел больницабазде. ДандчIваялда районалъул больницаялъул бетIерай врач ГI. МухIамадовалъ ва Шамильхъалаялъул больницаялъул бетIерай врач З. МухIамадовалъги рицана рехсарал больницабазда унтаразул бугеб хIалалъул, ругел гьечIелги дарабазул, хасго тIадчIей гьабуна инфекциялда хурхун ругел хIажатал жалазда. ХIукму гьабуна кIиябго больница хIажатабщиналдалъун хьезабизе. Гьел ккола дараби, ИВЛ аппаратал, вирусазда данде чIолел жал.

ДандчIваялда бицен ккана ккани Шамильхъалаялъул больницаялъул хирургиялъул отделениялда 50 койкаялъе бакI кьезе вирус лъугIизабиялъе. Гьенибго бетIерас бихьизабуна больницабазда сахал продуктаби чIезаризе кколинги. Баркала загьир гьабуна врачазе, волонтеразе, ОВДялъул хIалтIухъабазе.

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 16 (7417)
Хамиз
30 Апрель 2020 сон



Рагъ хIажат букIунаан бахIарчилъи гьабизе,
Гьанже гIадатаб гIумро буго рагъул авлахълъун.
Гьенив гIаданлъун хутIи – кIудияб бахIарчилъи,
Чилъи цIунизе кIвейги – рагъда гьабураб гьунар.
**Инхоса ГIалихIажияв**




# ГIашилтIа росулъ - совещание

Гьал къоязда «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул тIадкъаялда рекъон ГIашилтIа росдал мажгиталъуб тIобитIана совешание. Гьенир гIахьаллъана росдал имам М. Мусаев, гIолилазул рахъалъ вакил М. ГIабдулвагьабов, минздравалда цебе гIуцIараб, лъиданиги бачIеб жамгIияб советалъул вакил Гъ. ГIабдулаев, врач-эпидемиолог М. ГIабдулаев ва МБУ ЕИСалъул нухмалъулев Х. ХIайбулаев.

Сахлъи цIуниялъул министерствалъул вакил Гъ. ГIабдулаевасул ва врач-эпидемиолог М. ГIабдулаевасул баяназухъги гIенеккун ГI. НурмухIамадовас росдал жамагIаталда лъикIаблъун бихьизабуна гьабсагIаталда тIоритIулел ругел цIодорлъиялъул киналго ресаздаса пайдаги босун, росулъ коронавирусалъул инфекция тIибитIунгутIиялъе киналго хIалтIаби гьаризе.

Данделъиялда районалъул бетIерас ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна эпидемиялде данде хIалтIи гьабулел ругел киназего. Гьединго ГI. НурмухIамадовас гьениб бихьизабуна коронавирусалъул инфекция тIибитIунгутIиялъе хIалтIаби гьарулел ругин Дагъистаналъул БетIер В. Васильевасул нухмалъиялда гъоркь,-абун.



Унсоколо районалъул жамагIаталъ, бетIералда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовгун ракI-ракIалъулаб баркала кьолеб буго «Поддержка курса главы РД»,- жамгIияб организациялъул председатель А. ГIабдуразакъовасе гьабураб кумекалъухъ ва кквербакъиялъухъ.

# ТалихIаллъун рукIине

1. Нужерго бугелъул къимат гьабе. Психологиялъул цIех-рехчагIаз бихьизабуна талихIалъул кIул бугин ТIадвугесе рецц гьабизе бажари ва гьабсагIаталда дурго бугелъул къимат гьаби. Берцинго бугелда рекъон бажарулел гIадамазул гIадат хIисабалда букIуна лъикIаб гъира-шавкъ, гIадамаздехун гьабула щулияб бухьен, гьезул рукIуна гIемерал гьудулзаби, гьединаз кумек гьабула сверухъ ругезе, гьелъ жалгоги рикIкIуна хIажаталлъун.

2. Заман бате гьудулзабазе. Гьезул кумекалдалъун лъазе кIола нилъеда нилъ хIажаталлъун рукIин ва талихIаллъун рукIуна. Дуца гьудуласулги гьес дурги адаб гьабиялъ гьавула мун лъикIав гIаданлъун.

3. ХIалтIизабе дурго талихIалъул мини-дневник. Гьелда хъвай цо лъикIаб рагIи; бакI кколеб, интересаб дур гIумроялъулъ лъугьаралъул хIакъалъулъ. ГьабсагIаталда гьел рагIаби гIадатиялльун, щибаб къойилаллъун ругин кканиги, заман ун хадур данде ккевезе жо гьечIел гIадал къиматал лъугьине руго гьел.

4. ГIагаразда баркалаян абе. Жиндирго ирга цIунун гIумро унеб мехалъ гьениб жаниб лъугьунебщинабги букIине кколеблъун къабул гьабула. КIудияб кIвар буго хъизаналда лъикIлъиялъул ва рокьул атмосфера букIинабиялъул. ГIадада ине тоге нужерго гIагаразе баркала загьир гьабизе рес кьолел лахIзатал. ГIемер хIалтIизаре нилъее гьабуралъухъ баркала загьир гьабулел хинал рагIаби.

КIудияб Бергьенлъиялъ 75 сон тIубаялде

# ГIицIго битIккеялъ цIунарав



1939 соналъул июнь моцI букIана доб. Киса-кибго Советияб ракьалда ракълилаб гIумру гьабулеб букIана гIадамаз. Жиндирго гIелалъул гIолохъабазда цадахъ ВатIаналда цебе тIадаб налъи тIубазе Советияб Армиялде ахIана Унсоколоса ГIабдулаев КъебедмухIамадги. Микьго сордо-къо нухдаги бан, гьал щвана Ленинградалда аскIоб бугеб «Дибуни» абулеб станциялде. Гьениб ретIана рагъулаб форма. Лъеберабилеб полкалда рагъулаб гьаги къабул гьабун, гьал бакI-бакIазде рикьана. Генуб росулъа ХIайбулаев Закаригагун цадахъ КъебедмухIамад рагъулаб хъулухъалъе цIалана Ленинградалда аскIоб бугеб Песочный абулеб шагьаралда.

РакIалдаго гьечIого хисана ахIвал- хIал. КватIараб сардилъ поездалда гьал ритIана Зашейки абулеб гьитIинаб шагьаралде. Гьенир рана цодагьалго къоял.

Лъида лъалареб 1941 соналъул 22 июнь. КIудияб балагь бачIана гьеб къоялъ гIолохъанаб Советияб улкаялде. ЧIегIераб накIкI лъун букIана улкаялъул Европаялдехун бугеб бутIаялда. Рагъул байбихьудаго Баренцево ралъдада аскIоб бугеб Кольский чIинкIиллъиялъул порталъулаб шагьар Мурманскиялде хиял гьабулеб букIана гитлерилаз. Гьеб хъамалчагIаздаса цIуниялъе щулалъи кквей букIана 906 абилеб кьвагьдохъабазул КъебедмухIамад вугеб полкалъул аслияб масъала. Ралъдадасанги гьаваялдасанги гьужумал гьарулел рукIана гитлерилаз гьенире. Порталъулаб шагьар цIунизе тIадеялдаса тIаде къуват рехулеб букIана нилъецаги. Щулалъи ккуразе Сталинил кьварараб буюрухъ букIана «Цо галиялъги нахъе къаге»,-ян. Гьелъие гIиллаги кIудияб букIана. Порталъулаб шагьар – Мурманск тушманасухъе щвеялъул хIинкъи букIана. Гьениб гулла-хералъул щулияб базаги гIуцIун хъамалчагIаз нилъеда ц1икIкIараб кьаби щвезабизе рес букIана. Кольский чIинкIиллъиялъул дагьабго бакI бахъун букIана гитлерилаз. Гьелдасан пайдаги босун, 1942 соналда къойилго тIадекIанцIиял гьарулел рукIана гьез. Цо сордоялъ бугеб къуватги бакIарун, гьез бахъараб рахъалдехун тIаде кIанцIизе буюрухъ букIана нилъер солдатазе. Гьеб букIана январь моцI. Бащдаб метраялъ борхатаб гIазулъан хъахIал халгIаталги ретIун 4 километраялъ хъурщана гьал. Къад гьарурал тIадекIанцIияздаса хадур хIалхьуда ругел немцазул махсаро- хочI рагIулеб букIана метрагун бащдаб бугеб сангаралда нахъа ругел гьазда. Тохлъукьего нилъер пулеметчиказ гьезда тIад цIа бакизабуна ва хъахIлъи баледе Кольский чIинкIилъиялъул гьез бахъараб бакI эркен гьабуна.

ГIажаиблъун хутIана солдатал пулеметалъул цIаялъ гIазуги биинабун, «сангаралъул» хIакъикъияб гьумер бихьараб мехалъ. ХIебет гIадаб жо бихьун, таманча тункизабуна КъебедмухIамадица гьелда. ЦIорон тураraб ххамги бихъун ун, цебе лъун бугоан чIварав солдатасул гъеж. Кисакибго гитлерилаз жидеего щулалъиялъе къед гьабун батана нилъер чIварал солдаталги цоцада тIад сокIкIун.

КъебедмухIамад гьоркьов вугев 4 чиясдасан гIуцIараб разведгруппаялъе тIадкъай кьун букIана, къасде хъурщун ун, цониги фашист чIаго кверде восизе. Солдатал хъурщана 2 къоялъ. Кодоса лъугIун букIана кванaзе жо, чорхолъа тIагIунеб букIана рухI. Гьазда цадахъ вукIана Саша абун цIар бугев, канчIаб расалъул гIурусав. «РачIа цо банкаялъуб хер белъинабизин, гурони нилъ ракъуца хвезе руго»,-ян гьарана гьес. БатIайиса гьабизе ресги букIинчIо. Цогияс гьанжего гьанже чIвараб чол бохалдаса бахъун дагьа-макъабго гьанги бачIана. Гьелъул гьабуна квен. Гьал щвана тIадкъай тIубазабизе кколеб бакIалде. ЦохIо гурони гордо гьечIеб гьитIинабго рокъоб гитлерилазул 7 чияс, цебе картаги тIибитIун, цо кинабалиго жо дандбалеб бугоан. Горда данд битIун бугеб нуцIихъ вугев ворчIухъанасул ишги лъугIизабун, гьеб бакIалда къваригIел тIубазе пикру ккана гьазул. Цояв хъаравуллъуда тун, нахъасан ворчIухъанасул каранлъ финка къазабуна Сашаца ва гьал «кверал рохе!»,-янги ахIун гитлерилал ругеб рокъоре кIанцIана. Фашистал цо лахIзаталъ сихI къотIун хутIана ва кверал рорхана, амма гьазие битI ккечIо. Кив вукIаравали лъаларев фашистас нахъасан речIчIун КъебедмухIамадил хьибил ва квегIаб гъеж борлъана, чIвана Сашаги. Лъавудаса инегIан гьас 4 немцав гIодов ккезавуна, тIокIалъ ккараб жо лъачIо. Вигьиналде госпиталалда ватана. КIиго сордо-къоялъ чIваразда гъорлъ хутIун ватанин мунан бицунаан гьасда медицинаялъул сестра Вераца.

Ругънал сахлъигун КъебедмухIамад тIад вуссана живго вукIараб часталде. Цебеселда релъараб букIана гьаб нухалда тIадкъайги. Разведкаялъ унаго ракIалдаго гьечIого кьвагьун бачIараб гуллаялъ гьав гIодов речIчIизавуна ва лъим бугеб каналалъуве вортана. Цадахъ рукIараз КъебедмухIамад чIван вугилан тана. Чанго къоялдасан санитарияб машинаялда ватарав гьав госпиталалде щвезавуна. Чакмабазда жанир цIорон, ццурун рукIана ругъарал бохдул. Рагъулав врачас гьесдаса чакмаял къотIана ва хъахIиллъарал бохдуздеги валагьун, накалдаса бахъараб кIиябго бох къотIизе кколилан лъазабуна. –Йохъ, дун хвезе те, къотIуге,-ян разилъичIо КъебедмухIамад. Ццим бахъун гьесухъги валагьун, спирт бахана врачас бохдузда ва чанго къоялъ живго тана. Гьан туризе байбихьана ва маххул гъуцIдуз хьарцIцIана гьеб. ГIемераб заманаялъ лъавуде вачIинчIо КъебедмухIамад.

**Ахир - 4 гьум.**

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 16 (7417)
Хамиз
30 Апрель 2020 сон



Рамазан моцIалъул щибаб сордоялъ базе лъикIаб буго суннатаб какил 2 ракагIат, щибаб ракагIаталъул «АлхIамалдаса» хадуб 7 нухалъ «Къулгьу» цIалун, 100 нухалъ «Бисмиллагьи астагъфируллагь», - ги абун. Какда хадуб гIажамалъ бокьараб жоги гьарила. Хасго жигар бахъила рамазаналъул ахирисеб анцIилъ. ХIадис буго гьедин гьабуни Лайлатуль Къадриялъул гIаламатал загьирлъараб мехалъ гIадин дугIа къабуллъулилан.



# Рамазан моцI




Тирмизиясги, ибну Мажигьицаги, ХIакимицаги, Аллагь разилъаяв Абу Гьарарайтидасан бицана, салат, салам лъеяв Аварагас абунила: «Рамазан моцI тIаде щвараб мехалда Алжаналъул нуцIби рагьула, жужахIалъул къала, шайтIаби рахсаз рухьуна. Аллагьасул рахъалдасан хитIаб гьабизеги тIамула: «Ле, лъикIлъи тIалаб гьабулев чи, гьале гьанже хIаракат бахъе лъикIлъи гьабизе! Ле, квешлъиялда хадув лъугьарав чи, дуца квешлъи чIезе те!». ПалхIасил, Рамазани ккола нилъее щвараб рахIматазулги нигIматазулги гIор.

«Нузгьатул Мажлис» абулеб тIехьалда хъвалеб буго, Аварагас (с. т. гI. в.) абунила: «Рамазан моцIалда гIелмуялъул мажлисалде вачIунев щив чи вугониги, гьесие гали рикIкIун лъагIалица гьабурабгIан гIибадаталъул кири хъвалилан ва гьев чи къиямасеб къоялда ГIаршалъул рагIдукь дунгун цадахъ вукIунилан. Гьеб моцIалда жамагIат гьарун ралел каказда гIахьаллъарав щив чи вугониги, гьесие щибаб ракагIат рикIкIун Алжаналда нуралъул хъала балилан. Рамазаналда эбел-эмен рази гьарун, гьезие мутIигIлъун, кверг гIунтIулеб жоялдалъун гьезие лъикIлъи гьабулев чиясухъ ТIадегIанав Аллагь рахIматалдалъун валагьулилан. Гьеб моцIалда рос рази гьаюрай чIужугIаданалъе Марямие, Асиятие къураб гIадаб кири къолила. Гьеб моцIалда лъица букIаниги лъимал гIемераб хъизаналъе садакъа къуни ТIадегIанав Аллагьас гьесие аза-азар лъикIлъи хъвалилан ва гьесул даражаги тIадегIан гьабилилан». Нилъеца гьеб хIалалда щиб лъикIлъи гьабуниги, Къуръан цIали букIа, Аварагасде (с. т. гI. в.) салават битIи букIа, таравихIазул каказде хвади букIа, цоцада тIаса лъугьин букIа, ай нилъеца гьабурабщинаб лъикIаб гIамалалъул кириги ралагье даражаги цIикIкIинабула ТIадегIанав Аллагьас. Гьеле гьеб буго жибго Рамазан моцIалъул хиралъи.

Аллагь разилъаяв имам Гъазалияс абулеб буго, къучIал хIадисазда мугъчIвайги гьабун, кIал кквей иманалъул ункъго бутIа гьабун цо бутIа кколилан. Муслим Бухарияс Аллагь разилъаяв Абу Гьурарайтица бицараб къучIаб хIадисалдаги буго Аварагас (с. т. гI. в.) бицанила, ТIадегIанав Аллагьас абунин: «Кинабниги лъикIабщинаб гIамал анцIгоялдаса бахъараб анкьнусгоялде щвезегIан цIикIкIинабула цохIо кIал кквей хутIун. Гьеб буго дир иш, дица кьезе буго гьелъие ажруги». КIал кквеялъул хиралъи цIакъго кIудияб букIиналъе нугIлъи гьабула муслим Бухарис Абу-Гьурайратида бицараб хадусеб къучIаб хIадисалъги.

«Дир напсалъул кверщел жиндихъ вугеб АллагьасхIаги,-ян гьедулев вуго Авараг (с. т. гI. в.) – кIал ккурав чиясул ургьиса бачIунеб махI Аллагьасда аскIоб мискалъул махIалдаса гьуинаб буго». ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго: «Лагъас дие гIоло напсалъе бокьараб жоги толеб буго: кваналеб квенги, гьекъолеб лъимги, гьединлъидал кIал дир буго»-абун. Гьединго Муслим Бухарияс Аллагь разилъаяв Сагьлу ибну СагIдида бицана Аварагас (с. т. гI. в.) абунила: «Алжаналда цо нуцIа буго, Раян абун жинда цIар бугеб, жинда жанисан гIицIго кIал ккурав чи гурони Алжаналде лъугьунареб. Гьеб нуцIихъан лъугьарав чиясе ТIадегIанав Аллагь вихьизе къотIиги буго»,-ян.

Гьанже пикру гьабеха, газета цIалулел диналъул вацалги яцалги, Аллагь вихьиялдаса кIудияб талихI кинаб букIинеб нилъее, гьеб буго Алжаналда жанибги бугеб Алжан. Гьеле гьединаб даража щолеб буго кIал ккурал чагIазе.

Цоги хIадисалда буго ТIадегIанав Аллгьас кIалал кколел чагIаздаса чIухIун малаикзабазда абулила: «Я дир малаикзаби! Нуж ралагье цо дие гIоло, квеги, лъимги, шагьвати, лазатги толеб буго». Нахъеги гIемерал хIадисалги калимабиги рехсезе бегьила кIал кквеялъул даражаялъул бицунел.

КIал кквеялъул руго гIемерал пайдабиги хIикмалъабиги. ТIоцебесеб иргаялда, черхалъе захIмалъи гуро букIунеб, гьелъие щола сахлъи. Салат-салам лъеяв Аварагас абун буго: «Нужеца кIал кквe, нужго сахлъизе».

Нилъее якъинаб жо буго, кIал кквеялъ черх тIадагьлъизабулеблъи, Аллагьасе гIибадат гьабиялде жеги гъира базабулеблъи ва чиясул пикруги лъикIго хIалтIулеблъи. Кидаго гIорцIун ругел гIадамазда ракъи жиб жоялъи лъаларо, живго гIорцIарасда вакъарасул хIал лъаларилан абиги гьечIищха. КIал ккун вакъарав чиясда гьелъул хIал лъала ва кваназе жо щоларел язихъал гIадамазда гурхIизе бачIуна.

## ТаравихIазул какал ва гьезул хиралъи

**ГIалиасхIабас бицунеб буго «Дица цо нухалъ Аварагасда (с. т. гI. в.) цIехана таравихIазул каказул хиралъиялъул хIакъалъуль ва Аваргас (с. т. гI. в.) абуна:**

1-себ сордоялъ таравихIал рарасул Аллагьас мунагьал чурула.

2-леб сордоялъ таравихIал рарасул ва гьесул эбел-инсул, гьел бусурбаби ратани, мунагьал чурула.

3-леб сордоялъ таравихIал рани ГIарщалда гъоркьан малаикас ахIула «ХIакълъунго Аллагь вацIцIадав вуго ва тIадегIанав вуго. Гьес дур цере аралщинал мунагьал чурула.

4-леб сордоялъ таравихIал рарасе хъвала Таврат, Инжил, Забур, Къуръан цIаларасеб гIанисеб кири.

5-леб сордоялъ таравихIал рарасе Масжидул хIарамалда Мадинаялъул масжидалда ва масжидул Акъваялда какал раразул кири хъвала.

6-леб сордоялъ таравихIал рарасе кьола «Байтул магIмуралда» сверун тIавап гьабурав чиясе кьолебгIан кири.

7-леб сордоялъ таравихIал рарав чи Аллагьас ПиргIавниде данде вахъарав Мусал макъамалде вахинавула.

8-леб сордоялъ таравихIал рарав чиясе Аллагьас Ибрагьим аварагасул макъам кьола.

9-леб сордоялъ таравихIал рарав Аллагьсде гIагарав лагъасда бащалъула.

10-леб сордоялъ таравихIал рарасул кваналеб жоялде Аллагьас баракат лъела.

11-леб сордоялъ таравихIал рарас гьаб дунял тела лъимералъ эбелалъул тIончIорукъ гIадин бокьун.

12-леб сордоялъ таравихIал рарав Къиямасеб къоялъ бакъ гIадин гвангъун гьумергун вахъина.

13-леб сордоялъ таравихIал рарав киналго балагьаздаса цIунаралъун вукIина.

14-леб сордоялъ таравихIал рарав малаикзабаз нугIлъиги гьабун Аллагьас Къиямасеб къоялъ цIунаравлъун вукIина.

15-леб сордоялъ таравихIал рарасе малаикзабаз, хасго ГIарщ баччараз рецц гьабила.

16-леб сордоялъ таравихIал рарав ЖужахIалдаса хвасар гьавун Алжаналде витIила.

17-леб сордоялъ таравихIал рарасе Аллагьас жиндаго аскIоб кIудияб даража кьела.

18-леб сордоялъ таравихIал рарасде Аллагьас ахIила «Я гьав, Дир лагь, Дун дудасаги дур эбел-инсудасаги рази вуго».

19-леб сордоялъ рани, гьев Фирдавус алжаналъул даражаялде вахинавула.

20-леб сордоялъ рани, гьесие Аллагьас шагьидзабазе ва лъикIал лагъзадерие гIадаб кири хъвала.

21-леб сордоялъги рани, Аллагьас гьесие алжаналъуб нуралъул хъала бала.

22-леб сордоялъ рани, гьев чи ургъел-къварилъабаздаса божарав чи вукIуна

23-леб сордоялъги рани, Аллагьас гьесие Алжаналъуб шагьар бала.

24-леб сордоялъ рани, Аллагьас гьесул дугIаби къабул гьарила.

25-леб сордоялъги рани, гьев хабал гIазабаздаса хвасар гьавула.

26-леб сордоялъ рани, Аллагьасда аскIоб гьесул бугеб даража 40 нухалъ цIикIкIуна.

27-леб сордоялъ рани, гьев чи СиратIалъул кьодасан пиригIан хехго ина.

28-леб сордоялъги рани, гьесие Аллагьас Алжаналда 1000 даража цIикIкIинабила.

29-леб сордоялъ рани, Аллагьас абила: «Я Дир лагъ, дуца лазат босе Алжаналъул пихъаздаса ва гьекъе Кавсар гIоралдаса, дун мун вижарав вуго, мун дир лагъ вуго».

Гьедин хира гьарурал какал ккола таравихIазул какал. Воре жигар бахъе кIванагIан мажгитазда, жамагIаталда цадахъ таравихIал разе.

## Лайлатуль Къадриялъул как

Лайлатуль Къадриялъул сордоялъ балеб хасаб суннатаб как буго, ункъго ракагIаталъул. Гьеб бала кIи – кIи ракагIатккун кIиго нухалъ.

Ният гьабула гьадин: «Дица ният гьабуна Лайлатуль Къадриялъул суннатаб какил кIиго ракагIат базе, ТIадегIанав Аллагьасе Аллагьу Акбар» - абун.

Как баялъул тартиб:

ТIоцебесеб ракагIаталда «АлхIамалдаса» хадуб 3 нухалъ «Къадр» сурат (97 - сурат) цIалила.

КIиабилеб ракагIаталда «АлхIамалдаса» хадуб 3 «Къулгьу» цIалила.

Лъабабилеб – ункъабилеб ракагIаталги гьединабго тартибалда рала. Как бан хадуб гьадин такбирги бачина: «Аллагьу Акбар, Аллагьу Акбар, Ла илагьа илла Ллагьу ва Ллагьу акбар, Аллагьу Акбар ва ли Ллагьил хIамд»

Цинги нусго нухалъ «Къадр» - сурат цIалила, хадуб нусго нухалъ «ШархI» сурат цIалила. Ахиралдаги нусго нухалъ «Къадр» цIалила ва гьаб дугIаги гьабила: « Аллагьумма иннака гIафуввун Кариим тухIиббул гIафва фагIфу гIанна».

# ГIицIго битIккеялъ цIунарав

Врачалги божилъи гьечIого ралагьулаан гьесде, амма кIиго моцIидасан хIатIазул малъазда сверун гьан бижизе байбихьана. – Медицинаялъе хIалбихьи щвана, баркала, бахIарчияв солдат, яхIалъухъ,- ян гьасул загIипаб квер къана ригь унев рагъулав врача.

Гьазул госпиталь букIана квараниса рохь рекIараб гьитIинабго расалъиялда. Заманаялъ къотIун букIана рагъул сас. Амма гьеб халалъичIо. ТIасан роржанхъизе лъугьана фашистазул самолетал. Йиха-хочун КъебедмухIамад вугеб палатаялъуе кIанцIун ячIарай сестраялъ «Рахъун чIезе кIолез нужеего цIодорлъи гьабе!»,- ян ахIана. Гьанжего-гьанже вахъун чIезе кIолаан КъебедмухIамадида. Гьавги Коля абулев цоги лъукъаравги цоцазе кумекги гьабулаго, рохьорехун лъутана. Гьедин унаго бихьана хъощил мисалалъул гьабураб гьитIинабго рукъ. Свакалъги ракъиялъги рухI лъугIарал гьаз хIукму гьабуна сордо инегIан гьениб хIухьбахъизе. Рокъов щивниги гьечIоан. Гьал жанире лъугьана, амма ракIалдаго гьечIеб хъачIаб гьаракь рагIун нахъ руссана. Ццидалго гьазухъги ялагьун ахIдолей йиго ан ригь араб гIумруялъул, щват бугеб, жаниб цIураб лагаялъул гIадан. «Нуж дир бугеб жо кваназе рачIуна, немцаз дие кьезе бачIуна! ТIагIа дир къавулъа!»,- ян тIури щун ахIдолей йикIана гьей. Коляца гьелде туманкI битIизабулеб букIана, амма КъебедмухIамад цеве ккана. Гьес столалда тIад лъун букIараб рахьдал хъаба речIчIун биччан тана гьелда, ч1ужуг1адан рокъоса лъутун ана.

Солдатазул ццим гьалаг гьабун букIана гьелъ немцазул рахъ кколеб букIиналъ. Хадубккун гьениб хIухьбахъи гьабизе рес букIинчIо. Щиб лъалеб букIараб кинай гIадан гьей кколей йикIараяли. Гьал жеги церехун хъурщана. Нахъисеб къоялъ госпиталь букIараб бакIалде щвана. ГIарадабазул гулби тIад рихъун, пасатго чIван ругоан лъукъарал. ЧIван йигоан сестра Вераги. Гьелдаса хадуб дагьалго къоял рана госпиталалда КъебедмухIамадица.

1943 соналъул ноябрь моцI букIана. КъебедмухIамадги госпиталалъул па-латаялда ругелги врачазул радалисеб хал гьабиялдаса хадуб хIалхьиялда рукIана. РакIалдаго гьечIого жание ячIана госпиталалъул сестра. Гьей циндаго КъебедмухIамадихъ ялагьун чIана ва щибго абичIого нахъе ана. Гьеб пашманаб балагьиялъ цо кинабалиго щакдараби рижизаруна гьасулъ. Нахъисеб къоялъул радал госпиталалъул врачас пашманго кверги босун, «Эмен хванилан» Дагъистаналдаса бачIараб телеграмма кьуна гьасухъе. Гьелдаса хадуб КъебедмухIамад тIуванго рокъове виччана. Гамида рекIун ине кколаан рокъоре риччарал. Порталъул рагIалде вачIунаго, чваххулаго кIиябго бадиса магIугун, кIиябго бох къотIарав ва цIулал гIисинал бурдузда хъурщулаго вачIунев солдатасда бер чIвана КъебедмухIамадил. «Дир хирияв, ваче дунги цадахъ, тIалаб гьабе дир гьаб ракь тезегIан»,-ян гьардолаго гьасда цеве чIун вукIана гьев. – ЛъикI буго, дица мун вачина, нилъ цадахъ рекIун рилълъина,-ян гьесдаги абун рагъулаб частадде векерана КъебедмухIамад. Гьениб къваригIелги тIубан тIад вуссарав гьев жиндирго берадза божулев вукIинчIо. Гьаваялдасан бомбаби ран кьвагьизабун бугоан гьал рекIине чIезабураб гама, лъеда тIад тIамун ругоан цо-цоязул тIагърал, чIван ватана дов бохдул къотIарав солдатги.

«Чан гьединал бакIаздаса ворчIарав, лъидего бач1унгеги додинаб баллагь»,-абун ракIалде щвезабулаан КъебедмухIамадица. Гьев ва гьединалго гIемерисел гьанже чIаго гьечIо, чIаго буго аза-азар гьединаз цIунараб берцинаб улка.ТIад вуссун хадув КъебедмухIамад хIалтIана гIемер батIи-батIиял бакIазда. Амма рагъда бихьараб гIакъуба-къварилъиялъ гьесул чорхолъе унти ккун букIана ва хвана 1973 соналъул март моцIалда.

**МухIамад ХIУСЕНОВ.**

# Поселокалда лъин чIезабуна



Дагьал церегIан къоязда «коммуналияб хъулухъ гьабиялъул» МКУялъул начальник А. ГIабдухаликъовас ва улкаялъул генералияв директор М. ХIусеновас нухмалъи гьабулеб комиссия щвана Шамильхъалаялъул гIадамал жанир чIолел рукъзабахъе. Гьезул сапаралъул мурад букIана квартирабазда лъим чIезабиялъул бугеб хIалалъухъ балагьи. Гьениб цебе чIана гьадинаб хIакъикъат; №18 ва 20 бугел рукъзабахъ гIумро гьабулез бихьизабуна жидер аслиял захIмалъаби лъим гьечIолъиялъулъ бугин. Гьенибго Р. ХIусеновас тIадчIей гьабуна гьелъе гIилалъун лъим кьабулеб станциялъе авария ккей бугин. Бихьизабуна гьеб къачIалеб бугин, хварал лъел мохъал хисулел ругин, ай хехго иш рукIалиде ккеялъе поселокалъул администрациялъ ва компаниялъ хIалтIаби гьарулел ругин. Амма захIмалъаби рукIине руго лъалъадулеб лъел рахъалъ. Поселокалъул гIадамазде гьари буго - лъим цIуна къан харж гьабеян, гуроны лъеда хурхун захIмалъаби поселокалда хадурккунги рукIине бегьула.

# Меры господдержки для предпринимателей РД

Субъекты малого и среднего бизнеса Дагестана получат поддержку от региональных властей:
двойное снижение налоговой ставки для упрощенной системы налогообложения в сфере социального предпринимательства – с 6 % до 3 %;
в сфере информационных технологий – до 1 %;
для аграриев и других предпринимателей будут – с 6 % до 3 %; налог на имущество организаций – с 1,5 % до 1 % (рекомендации уже даны муниципальным образованиям); по арендным платежам в отношении объектов государственной и муниципальной собственности для субъектов малого и среднего предпринимательства – отсрочка; для организаций, предоставляющих услуги в сфере туризма и промышленного производства – отдельные меры государственной поддержки; для семей, где воспитываются четверо и более детей – освобождение от уплаты транспортного налога.

Меры поддержки фондом микрофинансирования субъектов МСП Республики Дагестан:
мораторий на оплату основного долга и процентов по микрозаймам до 6 месяцев; реструктуризация графика платежей в связи отсрочкой по возврату микрозаймов до 9 месяцев; снижение срока рассмотрения заявки на получение микрозайма – не более 1 рабочего дня;
процентная ставка за пользование микрозаймом при наличии или отсутствии залогового имущества не более ключевой ставки Банка России.
Меры поддержки Гарантийным фондом Республики Дагестан: снижение срока рассмотрения заявки на получение гарантии (поручительства) – не более 1 рабочего дня; снижение ставки вознаграждения за предоставление гарантии (поручительства) – с 2 % до не более 0,5 %; предоставление отсрочки платежей по лизингу на 3 месяца.

Меры федеральной поддержки малого и среднего бизнеса: приостановлены проверки для всех налогоплательщиков до 31 мая включительно; приостановлены меры взыскания в отношении субъектов МСП – до 1 мая 2020 года для бизнеса из реестра МСП не будут применяться меры взыскания задолженности. Это значит, что ИП или организациям не пришлют требование с начисленными пенями и штрафами, не спишут задолженность и не заблокируют расходные операции по расчетному счету; не принимаются решения о банкротстве - с 16 марта ФНС России не принимает решения о банкротстве во исполнение решений оперативного совещания Председателя Правительства Российской Федерации М.В. Мишустина; продлены сроки сдачи отчетности – предоставление налоговых деклараций по НДС за 1 квартал 2020 года и расчетов по страховым взносам продлено до 15 мая 2020. Центр «Мой бизнес» (+7-800-700-99-00)

На базе центра «Мой бизнес» организована горячая линия, где представители малого и среднего предпринимательства смогут проконсультироваться у профильных специалистов об имеющихся мерах государственной поддержки. ПАО «Сбербанк» (+7-800-555-55-50)

Кредиты на выдачу заработных плат под 0 % по линии ПАО «Сбербанк». По условиям программы, срок ведения деятельности компаний должен быть не менее одного года, срок кредитования — до 01.10.2020 года. Сумма кредита определяется исходя из численности сотрудников предприятия, умноженной на МРОТ и умноженной на шесть. Такие кредиты оформляются как предодобренные и выдаются полностью в электронной форме. Данная программа предназначена для поддержки бизнеса, пострадавшего от распространения вируса COVID-19.

Эквайринг для бизнеса стал бесплатным. Сбербанк отменил плату за сервисное обслуживание терминалов эквайринга и онлайн-касс для всех партнеров банка. Сервисная плата не будет взыматься за период использования оборудования с 1 марта до 31 мая 2020 года включительно. Также снижен процент по эквайрингу с 2,3 % до 1,4 % для клиентов банка осуществляющие деятельность в социально значимых индустриях: медучреждения/аптеки, продукты питания и сервисы по их доставки, реализация товаров первой необходимости и медикаментов. МСП «Банк» (+7-800-30-20-100)

Кредиты на выдачу заработных плат под 0%. МСП «Банк» с 1 апреля выдает беспроцентные кредиты сроком до 6 месяцев субъектам МСП на выплату заработной платы сотрудникам.

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 29.04.20 г. 16:25
фактически -17:20 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.